



Gusti teh sasauran ka Adam "tatangkalan anu aya di taman buahna meunang di dahar kajaba buah anu mere pangarti ngeunaan hal anu hade jeung anu goreng, teu meunang di dahar, sabab lamun didahar, poe eta keneh oge maneh bakal paeh" saur Gusti ka Adam.



19

Teras Gusti nyarios deui, saurNa "teu hade lamun manusa teh hirupna sorangan, kaula bakal mere saurang panulung anu baris nulungan manehna, anu sarupa jeung manusa" Teras Gusti the nyandak sagala rupi manuk sareng sadaya sasatoan anu aya di leuwueng ka Adam.




20

Teras Adam teh sina bobo ku Gusti, tibra pisan. Gusti nyandak hiji tulang tina awakna Adam, namina teh tulang iga, tina tulang eta Gusti ngadamel manusa istri. Tah istri eta teh didamel ku Gusti supados janten panulung anu pas sareng cocok kanggo Adam.



21

Gusti ngadamel eta sadaya teh dina waktos genep dinten, Teras Gusti ngaberkahan dinten anu katujuh, teras ngajantenkeun dinten anu katujuh dinten kanggo istirahat.



22

Di Taman Eden Adam sareng istrina Hawa hirup senang, aranjeuna taat ka Gusti, Gusti teh Allah aranjeuna, anu ngajaga, ngarawat, sareng janten Sobat aranjeuna.



23

Gusti Nyiptakeun Alam Dunya Sareng Eusina

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti
Kajadian 1-2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Sundanese

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebat dosa. Hukum anu akitab dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunten sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahidupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyun sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin. Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!

Gusti Nyiptakeun Alam Dunya Sareng Eusina



Ditulis ku Edward Hughes
Ilustrasi/juru gambar ku Byron Unger; Lazarus

Ditarjamahkeun ku Kurnia Arifin
Disaluyukeun ku Bob Davies; Tammy S.

Carita nomer 1 dugi 60

M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg MB R3C 2G1 Canada


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

Saha anu nyiptakeun urang teh? Kitab Suci anu mangrupikeun sasauran Gusti nyarioskeun kumaha ngawitanana tiasa aya jalmi teh. Kapungkur, sababaraha taun anu tos kalangkung Gusti ngadamel jalmi anu kahiji, teras ku Gusti dipasih anu nami nyaeta Adam.




1

Gusti ngadamel Adam tina taneuh teras Gusti niupkeun nafas hirup ka Adam, teras Adam teh janten hirup. Adam aya di hiji taman anu sae sareng endah pisan, namina Taman Eden.




2


Sateuacan Gusti ngadamel Adam, Gusti nyiptakeun heula alam dunya. Gusti ngadamel alam dunya anu endah anu dieusian ku sagala rupi anu luar biasa.




Hiji-hiji ku Gusti di damel atanapi diciptakeun, aya tempat-tempat anu laluhur sapertos gunung, atuh aya oge tempat anu lalega pisan sapertos tegalan anu pinuh ku jujukutan, kekembangan anu sarengit sareng tatangkalan anu laluhur.




Aya manuk anu buluna sarae, aya sasatoan anu aralit sapertos odeng nu sorana ngahieng, sareng aya oge lauk paus anu awakna liangan.



Aya deui keong anu awakna leueur. Tah pokona sadaya anu aya di dunya ieu teh didamel ku Gusti, teu aya nu kalangkung hiji oge, sadayana teh di damel ku Gusti.




Ngawitanana mah, sateuacan Gusti ngadamel sagala rupi, teu aya nanaon deui dialam ieu salian ti Gusti. Teu aya jalmi, teu aya tempat-tempat, sadaya teu aya. Teu aya caang teu aya poek, teu aya luhur, teu aya handap, teu aya dinten kamari teu aya dinten enjing. Nu aya Gusti wungkul nyalira, teras Gusti ngawitan midamel sagala rupina. Ngawitanana Gusti ngadamel langit sareng bumi.




Tapi bumi ieu teh teu acan diatur sareng kosong keneh. Teras bumi ieu oge poek pisan. Lajeng Gusti teh nyarios "Jadi caang!"



Tah teras jadi aya caang, Gusti nganiaman caang eta teh siang, teras anu poek dinamian wengi. Teras Janten wengi, janten enjing-senjing, tah eta dinten anu kahiji.



Dina dinten anu kadua Gusti nyandak cai samudra, laut, situ nu aya dihandapeun langit. Dina dinten anu katilu Gusti nyarios "Taneuh garing kaluar!" teras taneuh garing teh janten aya.




Gusti oge masihan parentah ka jujukutan, kekembangan, rungkun, tatangkalan supaya kaluar tina taneuh. Teras Janten wengi deui, janten enjing-enjing deui tah eta dinten anu katilu.




Teras Gusti nyiptakeun panon poe, bulan sareng bintang anu seueur pisan, dugikeun ka teu aya anu tiasa ngitung bintang.



Salajengna anu bade diciptakeun ku Gusti nyaeta sasatoan anu aya di laut sareng sagala rupi lauk. Dina dinten anu kalima Gusti nyiptakeun rupi-rupi lauk, aya lauk teri, lauk sarden, lauk pari, pokona aya lauk ageung aya lauk alit. Teras Gusti oge nyiptakeun rupi-rupi manuk, manuk anu ageung sareng manuk anu alit, sapertos manuk piit ku Gusti diciptakeun.



Gusti nyiptakeun sagala rupi lauk teh supados laut janten pinuh ku lauk, teras manuk oge diciptakeun ku Gusti supados tiasa ngaraoskeun endahna laut, taneuh sareng langit. Teras janten wengi deui janten enjing deui, eta dinten kalima.




Saatos eta Gusti nyarios deui. Nyariosna kieu "Sagala rupa mahluk hirup kedah kaluar ti bumi alam!" Sagalarupi sasatoan, anu ageung, anu alit, anu haliber, anu ngorondang janten aya. Di bumi alam teh janten aya gajah anu sok ngabibegkeun awakna, aya careuh anu teu daek cicing, aya monyet anu sok baong, aya oge buhaya anu mapahna teh ugag-igeug.



Aya oge cacing anu awakna purangkal-purungkul, aya bajing anu rupana teh pikaseurieun, aya jarapah anu jangkung, aya ucing anu sok kerek. Sagala rupi sasatoan ku Gusti diciptakeun dina dinten eta. Teras janten wengi deui, janten enjing deui eta dinten anu ka genep.



Gusti oge midamel hal anu sanesna dina dinten anu ka genep teh, anu didamel ku Gusti eta teh istimewa pisan, aheng pisan. Ayeuna sagala rupina tos siap kanggo manusa, aya emameun di bebun, aya sasatoan kanggo mantuan manusa.



Teras Gusti nyarios "Ayeuna urang ngadamel manusa numutkeun gambar sareng rupa Gusti. Sangkan eta manusa teh tiasa ngawasaan lauk-lauk di laut, manuk anu haliber, sareng sagala rupi sasatoan anu aya di bumi." TERAS GUSTI THE NGADAMEL MANUSA SAPERTOS GAMBAR SARENG RUPA GUSTI ...

